

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Ari basa téh mangrupa hal anu penting dina kahirupan manusa. Ku lantaran, lamun teu aya basa manusa moal bisa nuluykeun kahirupanna kalawan tartib. Ku ayana basa, urang salaku manusa bisa komunikasi kalawan gampang maham kana kahayang jeung maksud panyatur. Saluyu jeung pamadegan (Sudaryat, 2014) yén basa téh dipaké antaranggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi. Basa téh mibanda tilu subsistem, nyaéta élmuning sora (fonologi), tatabasa (gramatika), jeung kandaga kecap (leksikon). Dina éta subsistem, aya tatabasa (gramatika) anu medar ngeunaan sintaksis jeung morfologi. Kuswari jeung Hernawan (2010) ngébréhkeun yén sintaksis nyaéta salasahiji cabang tina tatabasa anu ngulik, maluruh, jeung medar frasa, klausa, kalimah, jeung wacana katut patali gramatik antarkontruksina.

Basa dipaké dina rupa-rupa widang kahirupan, kaasup dina karya sastra. Lantaran basa téh bisa jadi bahan, alat, jeung sarana nu ngandung ajén dina ngawujudkeun hiji karya sastra. Salaku pakakas komunikasi, basa dipaké pikeun ngébréhkeun pikiran, kahayang, gagasan, atawa ideuna bisa ngawujud dina wangun karangan, saperti dongéng, carpon, novél, sajak, carita pantun, jeung wawacan. Nurutkeun Iskandarwassid dina Isnendes (2010, kc. 6), sastra nyaéta karya seni anu digelarkeunnana ngagunakeun alat basa. Katitén yén basa sapopoé jeung basa dina karya sastra sok tangtu béda. Ku lantaran, ari dina karya sastra mah aya ajén éstétika anu jadi mamans basa. Contona waé dina karya sastra loba gayabasa. Ari élmu basa anu patalina jeung karya sastra nya éta stilistika. Stilistika mangrupa élmu anu maluruh patalina basa jeung karya sastra, kumaha makéna gayabasa dina karya sastra. Saluyu jeung pamadegan Sudaryat (2014) anu nétélakeun yén stilistika mangrupa élmu antardisiplin linguistik jeung tata sastra, anu maluruh kumaha basa dipaké médium dina karya sastra, masalah gayabasa atawa basa janget (*figurative language*), kaasup purwakanti.

Dina karya sastra tangtu boga unsur kaéndahan tina basana, ieu kaéndahan téh mangrupa kaonjoyan ti unggal nu ngarang hiji karya sastra. Salian ti kaonjoyan, ieu

basa téh bisa jadi ciri has atawa kaunikan séwang-séwangan nu ngarang. Hal éta bisa ngabalukarkeun pamaca matak kairut kana maca karya sastra. Salasahijina dina karya sastra novél, minangka salasahiji wangun karya sastra anu anyar dina sastra Sunda (Koswara, 2010). Novél ditilik tina jihat basana, tangtu loba mamanis basa anu sok disebut pakeman basa salasahijina sok aya gayabasa. Ari pikeun panulis mah tangtu éta téh hal anu kudu aya sangkan jadi éstétik (mamamis basa). Tapi ari pikeun pamaca mah, hal ieu téh bisa nyababkeun teu maham kana eusi carita nu dibaca. Ku lantaran kitu, teu sakabéh nu maca ngarti jeung paham kana gayabasa dina hiji bacaan, salasahijina nu aya dina novél.

Gayabasa minangka wangun rétorik, nyaéta ngagunakeun kecap-kecap dina omongan jeung nulis pikeun ngayakinkeun atawa mangaruhan pangregep jeung pamaca (Tarigan, 2021). Saluyu jeung pamadegan Sudaryat (2014, kc. 78) ngébréhkeun yén gayabasa mangrupa kedaling basa anu ditepikeun kalawan merenah sarta méré pangaruh éfék anu leleb karasana ka nu ngabandungan. Patalina jeung gayabasa dina karya sastra, katitén loba gayabasa anu nyampak dina karya sastra, kaasup dina novél. Gayabasa téh minangka ciri hasna kapribadian panulis dina ngébréhkeun pikiranna.

Salasahiji tina opat wanda gayabasa, nyaéta gayabasa babandingan, tilu wanda gayabasa lainna, nyaéta gundukan gayabasa lalawanan, gundukan gayabasa tatalian, jeung gundukan gayabasa bangbalikan (Sudaryat, 2021a). Salasahiji subwanda gayabasa babandingan, nyaéta gayabasa ngupamakeun jadi obyék ieu panalungtikan. Dina gayabasa ngupamakeun dibandingkeun hiji barang jeung barang séjén nu sipatna nembrak atawa éksplisit (Sudaryat, 2021a). Upamana wae, dina novél *Potrét* karya Ahmad Bakri katitén loba gayabasa ngupamakeun anu mangrupa bagian tina gundukan gayabasa babandingan.

Nu jadi pasualan mangsa kiwari nyaéta loba masarakat Sunda anu teu ngarti kana gayabasa, kaasup gayabasa anu aya dina novél. Samalah geus ilahar dina kahirupan masarakat Sunda mah lamun nyarita téh pasti osok dibalibirkeun, tara togmol, osok maké harti injeuman (kiasan) malahan osok dibanding-bandingkeun jeung barang atawa benda nu séjén. Contona, “Manéh mah jeung lanceuk téh *kawas ucing jeung anjing*”. Ku lantaran omongan éta, ngabalukarkeun kasalahpahaman dina komunikasi. Salian ti éta, loba nu can ngarti kana gayabasa téh lantaran

masarakat Sunda dina daya ngirut maca karya sastra Sunda katitén kurang. Nurutkeun Kholiq, (2020, kc. 20) hasil panalungtikan *Programme for International Student Assesment (PISA)* siswa Indonesia aya di urutan ka 57 ti 65 nagara anu ditalungtik. Geus katitén yén budaya maca Indonesia rendah pisan. Kitu ogé, aya patalina jeung maca novél Sunda. Cindekna, pasualan nu karandapan nu aya patalina jeung panalungtikan ieu nyaéta loba nu apilain kana kabeungharan Sunda hususna dina basana, loba salah paham dina nyarita, ogé tina daya ngirut maca karya sastra Sundana kurang, tangtu mikawanoh kana gayabasa dina hiji novél ogé kurang pisan. Tuluy ari nu ngaranna basa sapopoé jeung basa dina karya sastra tangtu béda. Hal éta téh ngabalukarkeun ayana salah paham dina maham eusi carita novél atawa bisa ngabalukarkeun salah paham dina komunikasi. Katitén dina conto novél *Potrét* aya kalimah *Ari Se; A kawas kaliki ka pipir-pipir, buukna pérang kawas haramay*. Lamun anu can ngarti kana ucapan éta mah tangtu bakal salah harti. Padahal ku ayana gayabasa ieu téh lamun dipaké nyarita atawa dilarapkeun kana kalimah éstu matak bisa jadi mamamis basa, écés tembres, tapi teu matak nyinggung perasaan (Sudaryat, 2021, kc. 175).

Dumasar katerangan bieu, perlu panalungtikan ngeunaan gayabasa ngupamakeun dina karya sastra, hususna dina novél *Potrét* karya Ahmad Bakri. Sangkan hal-hal anu saperti kurang mahamna masarakat kana gayabasa nu aya dina karya sastra, kasalahpahaman masarakat Sunda dina ngartikeun eusi carita hiji karya sastra hususna dina gayabasa ngupamakeun téh geus bisa disingkahan. Ogé masarakat wanoh kana gayabasa ngupamakeun, bisa ngabandingkeun hiji gayabasa jeung nu liana, kumaha struktur gayabasa ngupamakeun, jeung ciri-ciri gayabasa hususna gayabasa ngupamakeun.

Panalungtikan saméméhna ngeunaan gayabasa ngupamakeun, di antarana waé, “Gaya Basa Ngupamakeun dina Babasan jeung Paribasa Sunda: Tilikan Stilistika jeung Semantik” (Novi Nurul Khatimah, 2016); “Gaya Basa dina Kumpulan Paribasa pikeun Bahan Pangajaran Pakeman Basa di SMP” (Siti Mariyam, 2018); “Gaya Basa Babandingan dina Antologi Sajak Sunda Indonesia Emas Pikeun Bahan Ajar di SMA” (Aulia Khafiya Nadila, 2021); “Gaya Basa Babandingan dina Novél Jangji Asih karya Aam Amilia pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Novél di SMP” (Tiara Camelia, 2019); “Gaya Basa jeung Purwakanti dina Novél Sripanggung

karangan Tjaraka” (Mochamad Yogi Rahayu, 2008); “Pengungkapan Makna Implisit Pada Gaya Bahasa Simile Dalam Novel Bahasa Inggris *Gone With The Wind* dan Terjemahannya” (Nancy Durotun Nasihah Apip, 2019); jeung “Perwujudan Simile oleh Merari Siregar Dalam Novel Azab dan Sengsara” (Susiati, Rismen Iye, spk., 2019).

Sanajan sarua nalungtik masalah gayabasa, antara éta panalungtikan jeung ieu panalungtikan aya sasaruana jeung bédana. Sasaruanaana pada-pada medar gayabasa dina kahirupan. Ari bédana, nyaéta (1) Mariyam (2018) nalungtik gayabasa nu leuwih jembar ngawengku sakabéh gayabasa; (2) Nadila (2021) nalungtik nu leuwih jembar ngawengku sakabéh gayabasa babandingan, objékna kana antologi sajak lain novél; (3) Camelia (2019) sarua nalungtik gayabasa babandingan kana novél ogé dipatalikeun kana bahan pangajaran aprésiasi novél di SMP; (4) Rahayu (2008) nalungtik gayabasa nu leuwih jembar ngawengku sakabéh gayabasa kaasup purwakanti dina novél; (5) Khatimah (2016) nalungtik gayabasa ngupamakeun kana babasan jeung paribasa maké ulikan Stilistika jeung Semantik, lain ulikan Sintaksis; (6) Apip (2019); ogé (7) Susiati, Rismen Iye, spk. (2019) Dua panalungtikan éta sarua pada-pada nalungtik gayabasa ngupamakeun (simile) dina novél, tapi lain kana novél *Potrét*.

Dumasar kana panalungtikan saméméhna anu geus disebutkeun di luhur, bisa dicindekeun yén aya sasaruana jeung bébédana. Katitén loba kénéh panalungtik séjén anu sarua medar ngeunaan gayabasa. Tapi ari nu medar ngeunaan gayabasa ngupamakeun mah kur saeutik. Aya nu nalungtik gayabasa ngupamakeun tapi lain kana novél, éta mah kana buku *babasan jeung paribasa*. Ogé dina ulikanna lain sintaksis jeung stilistika tapi semantik jeung stilistika. Satuluyna aya nu nalungtik gayabasa kana novél tapi lain novél *Potrét* karya Ahmad Bakri, tapi kana novél *Jangji Asih* karya Aam Amilia. Dina nu diulikna ogé lain sacara husus ngulik gayabasa ngupamakeun tapi leuwih jembar deui nyaéta ngulik gayabasa babandinganna. Kitu ogé, aya nu nalungtik gayabasa ngupamakeun ku basa Indonesia nu disebutna gayabasa *simile*, tapi tetep lain novél *Potrét* karya Ahmad Bakri. Satuluyna, masih loba kénéh panalungtikan ngeunaan gayabasa, tapi lain gayabasa ngupamakeun jeung objék nu ditalungtikna lolobana kana album kawih, lagu, antologi sajak, ogé aya novél tapi lain novél *Potrét*.

Ku kituna, panalungtikan gayabasa ngupamakeun dina novél *Potrét* karya Ahmad Bakri perlu diayakeun. Dina éta novel réa kapanggih ngagunakeun basa buhun, kaasup dina gayabasa ngupamakeun. Hal ieu nu matak ngirut pikeun nalungtik ieu novél hususna dina gayabasa ngupamakeun.

Dumasar kana pasualan nu di luhur, ieu panalungtikan nu judulna “Gayabasa Ngupamakeun dina Novél *Potrét* karya Ahmad Bakri (Ulikan Sintaksis jeung Stilistika)” perlu pisan dilaksanakeun. Sangkan masarakat wanoh, ngarti kana naon baé gayabasa ngupamakeun, kumaha struktur gayabasa ngupamakeun, kumaha ciri-ciri gayabasa ngupamakeun téh. Kitu ogé, sangkan teu aya nu salah paham dina komunikasi jeung maham eusi carita.

## **1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang anu geus diébréhkeun di luhur, perlu ayana idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah. Anapon idéntifikasi masalah jeung rumusan masalah baris dipedar di handap.

### **1.2.1 Idéntifikasi Masalah**

Dumasar kana kasang tukang anu geus diébréhkeun di luhur, kapanggih rupa-rupa gayabasa dina novél *Potrét*. Gayabasa dina novél *Potrét* ieu tangtu loba jeung ambahan gayabasa mah kaitung jembar. Dumasar kana pasualan di luhur, bisa dicindekeun yén idéntifikasi masalahna nyaéta:

- 1) masih réa masarakat anu teu mikawanoh kana gayabasa salasihijina gayabasa ngupamakeun;
- 2) gayabasa ngupamakeun masih kurang kapaluruh kalawan teleb dumasar struktur gayabasa ngupamakeun;
- 3) dina gayabasa ngupamakeun nyangkaruk ciri-ciri gayabasa ngupamakeun anu bisa dipaluruh leuwih jero.

Ku kituna, dina ieu panalungtikan perlu ayana watesan masalah anu museur kana hiji hal sangkan ieu panalungtikan teu jembar teuing ambahanna. Dina ieu panalungtikan, panalungtik medar gayabasa ngupamakeun hungkul, anu ditilik tina jihat sintaksis jeung stilistika. Panalungtikan ieu diwatesanan kana nalungtik wanda gayabasa ngupamakeun, struktur gayabasa ngupamakeun jeung ciri-ciri gayabasa ngupamakeun.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah nu di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Wanda gayabasa ngupamakeun naon waé anu kapanggih dina novél *Potrét* karya Ahmad Bakri?
- 2) Kumaha struktur gayabasa ngupamakeun anu aya dina novél *Potrét* karya Ahmad Bakri?
- 3) Kumaha ciri-ciri gayabasa ngupamakeun anu aya dina novél *Potrét* karya Ahmad Bakri?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Dumasar kana rumusan masalah nu di luhur, aya dua tujuan nu baris dihontal dina ieu panalungtikan, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

#### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum ieu panalungtikan boga tujuan pikeun nalungtik jeung mikanyaho gayabasa ngupamakeun nu aya dina novél *Potrét* karya Ahmad Bakri.

#### 1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) wanda gayabasa ngupamakeun nu aya dina novél *Potrét* karya Ahmad Bakri;
- 2) struktur gayabasa ngupamakeun dina novél *Potrét* karya Ahmad Bakri; jeung
- 3) ciri-ciri gayabasa ngupamakeun dina novél *Potrét* karya Ahmad Bakri.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh boga sababaraha mangpaat boh mangpaat sacara tioritis boh mangpaat sacara praktis.

#### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis mangpaat tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngajembaran élmu pangaweruh jeung élmu basa, utamana mah ngeunaan élmu stilistika. Ari

sababna eusi panalungtikan ngagambarkeun wanda jeung stuktur kalimah katut ciri-ciri gayabasa ngupamakeun.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Sangkan leuwih écés ieu panalungtikan diwincik jadi sawatara mangpaat praktis, di antarana:

- a) pikeun pamaca, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun pamaca bisa méré pangaweruh jeung référénsi nalika pamaca néangan materi ngeunaan Gayabasa Ngupamakeun dina novél *Potrét* karangan Ahmad Bakri;
- b) pikeun panalungtik séjén, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun para panalungtik séjén dina ngalakukeun panalungtikan séjén nu sarupa dina ngaronjatkeun kamampuan patotosan pasualan Gayabasa Ngupamakeun hususna dina novél *Potrét* karya Ahmad Bakri.
- c) pikeun guru atawa dosén, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun para guru atawa dosén nyaéta nambahan jeung ngadeudeul pangaweruh katut dijadikeun référénsi salaku sumber bahan ajar pangajaran basa Sunda di sakola atawa dina kagiatan pangajaran pakeman basa hususna ngeunaan gayabasa ngupamakeun.
- d) pikeun siswa atawa mahasiswa, nambahan pangaweruh sarta pikeun dijadikeun référénsi dina mata pelajaran atawa mata kuliah anu aya patalina jeung widang kabasaan sarta dina panalungtikan ilmiah anu rék dilaksanakeun.

#### 1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan nu mangrupa skripsi téh disusun jadi lima bab, saperti ieu di handap.

Dina bab I dipedar ngeunaan kasang tukang masalah, watesan masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan jeung raraga tulisan. Dina tujuan panalungtikan aya tujuan umum jeung tujuan husus, sedengkeun dina mangpaat panalungtikan aya mangpaat sacara tioritis jeung praktis.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir, eusina medar ngeunaan tiori nu patali jeung gayabasa, wanda gayabasa, gayabasa

minangka obyék sintaksis jeung stilistika, gayabasa ngupamakeun, panalungtikan saméméhna jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data jeung sumber data panalungtikan, instrument panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngadéskripsikeun jeung nganalisis gayabasa ngupamakeun dina novél *Potrét* karya Ahmad Bakri (Ulikan Sintaksis jeung Stilistika).

Bab V nu mangrupa bab pamungkas, eusina ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan, implikasi, jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan séjén.